



VAKSEN KONT COVID-19 YO SAN DANJE EPI YO EFIKAS

- Tout moun ki gen sis mwa oswa plis ta dwe pran yon vaksen kont COVID-19 ki ajou!
- Moun ki te pran vaksen anvan oswa ki poko janm pran vaksen ap pran sèlman yon vaksen.
- Gen kèk moun ki pran plis pase yon vaksen: timoun ki gen sis mwa rive 5 an, ki gen sistèm iminitè ki fèb, epi moun ki gen 65 an oswa plis ta dwe pale ak doktè yo.

Rekòmandasyon

- + Pran dènye dòz vaksen ou an.
- + Fè fanmi ou pran dènye dòz vaksen yo.
- + Yo rekòmande Pfizer oswa Moderna.
- + Mete yon mas nan espas anndan oswa deyò ki gen anpil moun, menm si ou deja pran dènye dòz vaksen yo.
- + Si w te ekspoze ak KOVID-19, swiv etap sa yo, menm si w pran vaksen:
 - Pote yon mas pandan 10 jou.
 - Si w vin malad: Fè tès la touswit. Si tès la negatif, refè tès la ankò nan 48 èdtan.
 - Si w pa vin malad: Fè tès la, pou pi piti, 5 jou apre w fin ekspoze. Si tès ou a negatif, refè tès la ankò apre 48 èdtan, epi fè sa ankò apre yon lòt 48 èdtan si dezyèm rezilta w la negatif. Si tès pozitif, antre nan izolman!
 - Si tès ou a pozitif, gade gid Sant pou Kontwòl Maladi a (Centers for Disease Control, CDC) pou konnen kijan pou antre nan izolman.

Pou fi yo:

- + Pou fi ki ansent, ki ap bay tete, oswa ki ap eseye ansent, vaksen yo enpòtan anpil pou kenbe manman ak ti bebe yo an sante.

Kòman mwen kapab jwenn Vaksen kont COVID-19?

Vaksen an gratis pou pifò moun, menm pou moun ki pa gen asirans.

Chèche konnen ki kote ou ka jwenn aksè gratis ak vaksen kont KOVID la gratis:

- ✓ Mande si pa genyen klinik mobil ak ekspozisyon sou sante
- ✓ Depatman sante
- ✓ Sant Sante Kominotè
- ✓ Famasi bò lakay ou
- ✓ **Pale avèk patwon w lan sou fason ou kapab jwenn vaksen kont KOVID-19 la.** Yo ka ede w nan aranjman w ap fè pou jwenn yon vaksen.
- ✓ Jwenn vaksen:
<https://www.vaccines.gov/search/>

Pou w jwenn plis enfòmasyon



Vizite Sant Kontwòl Maladi yo ak Pwevansyon:
<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/>



Pou Repons ak Keksyon yo poze souvan, vizite **Migrant Clinicians Network**:
<https://bit.ly/3ki1xAl>

Mizajou: 19 septanm 2023



Pwoteje Tèt ou Kont COVID-19

Pran yon Vaksen kont KOVID ki ajou

Kanpay Sansibilizasyon pou Vaksen
kont COVID-19




Avantaj Vaksinyon an

- ✓ Vaksinyon an pwoteje w, fanmi w, ak kòlèg ou yo kont maladi grav epi pou yo pa entènè lopital.
- ✓ Vaksinyon an diminye kantite nouvo ka COVID-19 ki grav epi ki tiye moun nan kominote ou a.
- ✓ Vaksinyon an pwoteje lopital ak doktè yo pou yo pa plen avèk pasyan ki malad grav avèk COVID-19.
- ✓ Plis gen moun nan kominote nou an ki vaksine, mwens nou bezwen enkyete pou nouvo varyan yo.
- ✓ Nan pa twò lontan nou ap kapab retounen nan aktivite nòmal nou si gen plis moun ki vaksine.

Risk ki genyen pou moun ki pa pran vaksen an

- ✗ Plis risk pou kontamine ak COVID-19.
- ✗ Plis risk pou gen gwo enfeksyon, entènè lopital ak lanmò.
- ✗ Si yon majorite moun **PA PRAN VAKSEN** kont COVID-19 la, alò risk pou gen maladi ki grav epi risk pou gen nouvo mitasyon ki pi kontajye ak danjere vin pi plis.


KISA POU KONNEN LÈ W AP PRAN VAKSEN COVID




Li enpòtan pou pran vaksen an, menm si ou te gen COVID-19.



Chèche konnen ki kote ki ofri vaksen gratis nan eta w la oswa depatman sante, famasi oswa sant sante nan zòn pa w la.




Tout vaksen kont KOVID-19 yo san danje epi yo efikas.




Aprè vaksinyon an ou ka gen: doulè nan bra, tèt fè mal, lafyèv, oswa frison.



Ou ap santi w byen kèk jou apre ou fin pran piki a.



Yo konsidere ou ajou depi w resevwa dòz ou bezwen an (yo).



Kontinye mete mask nan espas kote ki chaje moun epi lave men ou.



Ou fè pati pa w la pou pwoteje tèt ou ak lòt moun kont COVID-19 la!

Kòman m ap fè konnen kilè oswa si mwen bezwen yon lòt vaksen an?

- + Moun ki gen sistèm iminitè ki fèb yo bezwen dòz vaksen anplis.
- + Moun ki gen 5 an oswa plis bezwen pran yon vaksen kovid ki ajou omwen 2 mwa apre yo fin pran dènye vaksen yo a si yo te pran dòz vaksen kont KOVID anvan.
- + Chèche jwenn dènye enfòmasyon sou vaksen yo.

Kisa Mwen Ta Dwe Fè Si Mwen Te Resevwa Vaksen Kont Kovid Nan Yon Peyi Diferan Epi Li Pa Disponib Nan Peyi Etazini?

- + Se pa tout peyi ki apwouve menm vaksen kont COVID-19 avèk Etazini.
- + Gen kèk vaksen ki pa disponib Ozetazini men yo rekonèt yo. Si Sant Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) rekonèt vaksen w lan, epi w gen kat vaksen, lè konsa ou pa bezwen rekòmanse. Ou ka pran yon dòz vaksen mesajè Asid RiboNikleyik (messenger RiboNucleic Acid, mRNA) (Pfizer oswa Moderna) pou w ka fin pran vaksinen an nèt. Si w pa gen kat vaksen, ou pral bezwen rekòmanse. Chache wè yon doktè pou konnen kantite tan ki rekòmande pou pran pran dòz yo.

Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

Vizite Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi:
<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/>

